

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar kalayan jéntré ngeunaan sababaraha tiori nu patali jeung ieu masalah panalungtikan. Diantarana (a) Desain Panalungtikan, (b) Sumber Data, (c) Prosedur/ Alur Panalungtikan, (d) Téknik Ngumpulkeun Data, (e) Instrumen Panalungtikan, jeung (f) Analisis Data.

#### 3.1 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta hiji prosés pikeun ngarancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan (Sugiyono, 2018, kc. 109) . Dina panalungtikan ilaharna kudu maké pamarékan. Pamarékan dina ieu panalungtikan téh nyaéta pamarékan kuantitatif nyaéta hiji cara anu digunakeun pikeun ngajawab masalah panalungtikan anu miboga kakaitan data dina wangun angka jeung program statistik anapon métode anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode kuasi éksperimen. Métode kuasi éksperimén mangrupa variable dependen anu ngagunakeun kelas éksperimen kalawan teu make kelas kontrol.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta désain *pre-test* jeung *Post-test*. Desain anu dipaké nyaéta téori nurutkeun (Arikunto, 2010, kc. 123), Désain *Pre-test and Post-test*, anu mana desain ieu téh mangrupa désain panalungtikan anu dilakukeun dua kali nya éta saméméh jeung saanggeus ékspérimén.

Tabél 3.2  
Desain Panalungtikan

Pretes	Treatment	Posttest
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

Arikunto(2013 kc.124)

Keterangan:

O<sub>1</sub> : *Pratest* (tés awal saméméh perlakuan)

X : *treatment* (diajar nulis téks biantara ngagunakan modél)

Rima Arianti, 2022

**MODÉL PANGAJARAN MIND MAPPING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS BIANARA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

O<sub>2</sub> : *post-test* (tés akhir saanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*)

### 3.2 Sumber Data


Sumber data nyaéta sakabéh subjék anu ditalungtik ku panalungtik ngaliwatan hasil data di lapangan. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta hasil kamampuh nulis dina matéri pangajaran nulis téks biantara siswa kelas IX C SMP 4 Pakenjeng Bandung Taun Ajaran 2021/2022 anu jumlah siswana 31 siswa, ngawengku 8 lalaki jeung 23 awéwé. Sumber datana digambarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3  
Data siswa kelas IX SMP Muhammadiyah 4 Margahayu

Kelas	Wanda Baga	Jumlah
IX A	Lalaki	8 siswa
	Awéwé	23 siswa
	Jumlah	31siswa

### 3.3 Prosedur/Galur

Prosedur/ alur dina ieu panalungtikan téh indit ti métode panalungtikan kuantitatif tuluy ngahasilkeun data anu mangrupa hiji kacindekan



Bagan 3.2  
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah-léngkah dina panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

- a. Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis nya éta saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru

Basa Sunda SMPN 4 Pakenjeng ngeunaan masalah anu karandapan di kelas nalika nepikeun matéri ajar nulis téks biantara hususna di kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng;

- b. Rumusan masalah anu katitén sabada panalungtik ngaidentifikasi masalah anu karandapan, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan nya éta kamampuh nulis téks biantara di kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng;
- c. Panalungtik ngumpulkeun raraga tiori anu dék dilarapkeun;
- d. Panalungtik ngarumuskeun hipotésis panalungtikan;
- e. Panalungtik ngarumuskeun instrument;
- f. Panalungtik ngumpulkeun data sabada kapanggih masalah anu karandapan di SMPN 4 Pakenjeng Taun Ajar 2021/2022, kalawan panalungtik ngumpulkeun data ti ieu kelas. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nya éta siswa nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* jeung sabada ngagunakeun Modél pangajaran *Mind Mapping*. *Pre-test* dilarapkeun saméméh treatment anu miboga tujuan pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks biantara saméméh ngagunakeun Modél pangajaran *Mind Mapping*, sedengkeun post-test dilaksanakeun sabada treatment anu miboga tujuan pikeun mikanyaho kamampuh nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*.
- g. Dina analisis data, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS PASW 18;
- h. Pamungkas, panalungtik nyieun laporan panalungtikan sabada tatathar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

### 3.4 Teknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téknik anu dék digunakeun téh nyaéta téknik tés tulis. Téknik ngumpulkeun data (tés) nu dilaksanakeun saméméh jeung saangeus ngagunakeun Modél pangajaran *Mind Mapping* dina pangajaran biantara. Tés awal (*pre-test*) dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*. Sedengkeun tes ahir (*post-test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil akhir diajar siswa saangeus maké Modél pangajaran *Mind Mapping*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat atawa fasilitas anu digunakeun dpikeun ngukur fénoména alam atawa fénoména sosial. Instrumen panalungtikan penting pisan digunakeun lantaran jadi dadasar dina panalungtikan. Nurutkeun (Kuswari, 2010, kc.20) Instrumén panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta obsérvasi, interview (wawancara), kusionér (angkét), jeung tés.

Instrumen dina ieu panalungtikan téh nyaéta tés tulis. Anapon dina prak-prakanana panalungtik baris nalungtik tés ngagunakeun dua cara nyaéta *prestes* jeung *posttest* luyu jeung laparan modél pangajaran *Mind Mapping* anu dipilih ku panalungtik. Tés kahiji dilaksanakeun pikeun ngukur kamamhpuh awal siswa, sedengkeun tés kadua atawa *posttest* dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh akhir siswa.

#### a. Tés

Tés tulis didieu mangrupa lembar kerja siswa, anu mangrupa paréntah pikeun nguji kamampuh siswa dina nulis biantara ngagunakeun modél pagjaran *Mind Mapping*. Siswa ditingalikeun struktur téks biantara tuluy diparéntah pikeun ngeusian lembar kerja, éta lembar kerja siswa téh aya dua lembar. Lembar anu kahiji pikeun nangtukeun péta konsep biantara anu méré paréntah ka siswa pikeun nyieun *Mind Mapping*. Tuluy, lembar anu kadua pikeun nulis téks biantarana.

*Instrumen panalungtikan pre-test jeung post-test*

Tabél 3.4  
Instrumén Panalungtikan

<b>Soal Nulis Téks Biantara</b>	
<b>Sakola</b>	: SMPN 4 Pakenjeng
<b>Mata Pelajaran</b>	: Basa Sunda
<b>Kelas</b>	: IX C
Pek jieun ku hidep téks biantara, tangatuana saperti ieu di handap !	
1) Témana Internet Asup Desa, Paturay Tineung, atawa Lingkungan	
2) Minimal 3-4 paragraf	
3) Komponen nu di peunteun :	
- Eusi Biantara	
- Struktur Biantara	
- Gaya Basa	
- Karapihan Tulisan	
- Éjahan	
- Karapihan Tulisan	
<b>Jawaban</b>	
<b>Wasta</b>	:
<b>No Absen</b>	:
<b>Téma</b>	:

### 3.6 Analisis Data

TékNIK analisis data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data nu kacangking tina hasil awal *pretest* jeung hasil ahir *posttest* diolah deui sangkan kapanggih bédana hasil awal jeung hasil ahir. Salian ti éta, hasil analisis data bisa digunakeun pikeun ngedeudeul sarta ngalengkepan bener atawa henteuna hipotésis nu geus dirarancang dina awal panalungtikan. Anapon léngkah-léngkahna anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* nya éta :

#### a. Mariksa hasil tés kamampuh nulis téks biantara

Tabél 3.5  
Rubrik Peunteun Siswa Nulis Téks Biantara

No	Aspék	Skor	Kritéria
1	Eusi Biantara	18-20	Sangat baik- sempurna : dina informasi eusina “luyu” jeung téma nu ditangtukeun.
		14-17	Cukup- baik : Informasi kawatesanan “kurang luyu” jeung téma nu ditangtukeun.
		10-13	Sedeng-cukup : informasi kawatesanan kurang luyu jeung téma nu ditangtukeun.

Rima Arianti, 2022

**MODÉL PANGAJARAN MIND MAPPING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS BIANBARA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspék	Skor	Kritéria
		7-9	Sangat kurang : euweuh eusi informaasi anu ditangtukeun.
2	Struktur	18-20	Sangat baik-semburna :gagasan jelas, ékpénsi lancar, gagasan katata hadéurutana logis.
		14-17	Cukup- baik : kurang kaorganisir, idé utama kaciri logis tapi teu lengkep.
		10-13	Sedeng-cukup : gagasan pabalatak, pegat-pegat, urutan jeung kamekarana teu logis.
		7-9	Sangat kurang : teu kaorganisis, teu layak nilai.
3	Gaya Basa	18-20	Sangat baik-semburna : kontruksi kompléks tapi teu éféktif.
		14-17	Cukup- baik : kontruksi sederhana tapi éféktif.
		10-13	Sedeng-cukup : aya kasalahan serius dina kalimah, maknana ngabingungkeun jeung kabur.
		7-9	Sangat kurang : Loba kasalahan, teu komunikatif, jeung teu layak nilai.
4	Karapihan	18-20	Sangat baik-semburna : menguasai aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan, tulisan kabaca.
		14-17	Cukup- baik : kadang-kadang aya kasalahan tapi teu ngaburkeun makna, tulisan kabaca.
		10-13	Sedeng-cukup : sering aya kasalahan, tulisan masih kabaca.
		7-9	Sangat kurang : teu ngawasa aturan penulisan, tulisan teu kabaca, teu layak nilai.
5	Éjahan	18-20	Sangat baik-semburna :menguasai aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan éjaan.
		14-17	Cukup- baik : kadang-kadang aya kasalahan tapi teu ngaburkeun makna, tulisan kabaca.
		10-13	Sedeng-cukup : sering aya kasalahan éjaan, makna ngabingungkeun atawa kabur.
		7-9	Sangat kurang : teu ngawasa aturan penulisan, loba kasalahan éjaan, tulisan teu kabaca.

(Nurgiyantoro, 2014 kc.442 kalayan diropéa deui)

b.Méré penteun ka siswa kalawan ngaggunakeun rumus :

$$P = \frac{\sum \text{Skor siswa}}{\sum \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

(Sudjana, 2013 kc. 46)

Katerangan :

P = penteun  
 $\sum$ Skor Siswa = jumlah penteun siswa  
 $\sum$ Skor Maksima = jumlah penteun maksimal



Tabél 4.6  
Skala Peunteun Nulis Biantara

No	Skala Peunteun	Skor Maksimum	Katégori	Kat.
1.	81-100	20	A	Hadé pisan
2.	61-80	20	B	Hadé
3.	41-60	20	C	Cukup
4.	21-40	20	D	Kurang
5.	0-20	20	E	Kurang Pisan
Jumlah		100		

- c. Ngasupkeun peunteun kamampuh nulis téks biantara kana tabél ieu di handap :

Tabél 3.7  
Format Peunteun Kamampuh Nulis Téks Biantara

No.	Kode Nomor Siswa	Aspék nu dipeunteun					Peunteun	Kategori
		A	B	C	D	E		
1.								
2.								
$\Sigma$								
$\bar{X}$								

Katerangan :

- A = eusi biantara
- B = struktur biantara
- C = gaya basa
- D = karapihan
- E = Ejahan
- PN = peunteun
- KI = kategori

### 3.8 Uji Sipat Data

Uji sipat dian ieu panalungtikan dilaksanakan ku dua cara, nyaéta uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panaluntikam baris dianalisis ku cara make software spss pasw versi 26. *Statistical produk and service solutions*

Rima Arianti, 2022

MODÉL PANGAJARAN MIND MAPPING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS BIANBARA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(SPSS) nya éta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data secara statistik. Data input anu dianalisis nya éta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung indeks gain anu salajengnya dina output hasil analisis SPSS 26.0

### 3.8.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi nu normal. Hal ieu kudu dicumponan salaku sarat pikeun nguji kamampuh rata-rata. Salasahiji Méthode nu digunakeun pikeun nguji normalitas dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun *Saphiro -Wilk* Anapon hipotesis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_0$  : distribusi data normal

$H_a$  : distribusi data teu normal

Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngagunakeun perhitungan *Saphiro -Wilk* ngagunakeun program SPSS 26.0 ku taraf 5 % ( $\alpha = 0,005$ ) kriteriana saperti ieu di handap.

$H_0$  :ditarima, lamun nilai sig. (signifikan) leuwih ti 0,05

$H_1$  : ditolak, lamun nilai sig. (signifikan) kurang ti 0,05

### 3.9 Uji Hipotesis

Dina nguji hipotesis téh aya dua cara anu dipaké nyaéta lamun data hasil uji normalitas nunjukeun yén datana miboga distribusi data normal ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun t-test. Sedengkeun lamun data hasil uji normalitas nunjukeun yén datana miboga distribusi data teu normal ngagunakeun statistik non parametris. Hiji data anu ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-ratana nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna (Sugiyono, 2012, kc.76)

Pikeun nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kritéria ieu di handa

a. Hipotésisi Nol ( $H_0$ )

Teu aya béda signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*.

b. Hipotésis Alternatif ( $H_1$ )

Aya béda signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng taun ajaran 2021/2022 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*.